


# Tranzisyon 2 Go


nan Laflorid



## Lekòl Pou Tranzisyon Travay Fòmasyon Vokasyonèl

Prèske tout tinedjè oswa jèd adilt pa ka tan pou gen yon djòb e pou yo vin endpandan. Pou jèn Floridyen andikape yo kote bi yo gen ladan anplwa, Divizyon Reyabilitasyon Vokasyonèl Depatman Edikasyon Laflorid (VR) la kapab founis sèvis sipò ki enpòtan yo. Pwogram federal-leta an travay avèk moun ki genyen andikap fizik oswa mantal pou prepare yo pou, jwenn ak/oswa kenbe yon travay.

Planifikasyon tranzisyon pou endividi ki genyen kondisyon medikal ki entèfere avèk kapasite yo pou travay shwe adrese elijiblite pou seri pwogram VR programs, ikonpri pwogram *Tranzisyon de Lekòl a Travay*. Pwogram *Tranzisyon de Lekòl Travay* la espesifikman ede etidyan ki ge laj 16-22 zan prepare pou anplwa ak lavi antan yon adilt. Aktivite tranzisyon VR yo kapad ede etidyan yo pou antre nan antrenman, kontinye edikasyon, ak/oswa jwenn yon djòb apre yo fini lekòl segondè.



Tout etidyan ki gen yon andikap kapab kalifye pou sèvis VR yo kòmanse nan laj 16 an. Pou Etidyan ki resewa sèvis edikasyon espesyal yo, lekòl yo souvan pran chaj rekòmandasyon pou VR kòm pati nan tranzisyon nan Plan Edikasyon Endividyalize (IEP) an. Men, se pa yon egzijans pou elijiblite VR pou genyen yon IEP. Etidyan ki kapa benefisyè nan sèvis VR yo dwe aplike omwens 2 zan avan yo fini lekòl segondè, pa egzans, aplike nan laj 16 zan si y ap fini lekòl segondè nan laj 18 tan. VR kapa ede etidyan yo tou avèk eksperyans travay kominotè pandan yo tounou nan lekòl segondè. Ou kapab telechaje aplikasyon yo nan <http://rehabworks.org/docs/VRapplication.rtf>.

nenpòt moun kapab rekòmande VR lè yo kontakte biwo lokal VR la nan [www.rehabworks.org](http://www.rehabworks.org) (klike sou Anyèl Biwo VR) la. Pou aprann plis sou pwogram *Tranzisyon de Lekòl a Travay* la, vizite [www.rehabworks.org/docs/SchooltoWork.pdf](http://www.rehabworks.org/docs/SchooltoWork.pdf).

Anplis VR, [CareerSource Florida](http://careersourceflorida.com) ofri antrenman pou travay pou elijiblite kliyan daprè revni yo, ikonpri jèn timoun ki nan laj 14-21 ane ([WIA Youth Programs](http://wiyouthprograms.com)) ak endivid ki andikape yo. Egzijans elijiblite yo varye pa biwo lokal yo, kidon moun ki enterese yo dwe kontakte One-Stop Career Center (Sant ki Deziyen pou Ofri Divès kalite Asistans pou Moun k ap Chèche Djòb, gade <http://careersourceflorida.com>).

Pou plis enfòmasyon sou topik sa a, vizite Bwat Zouti an nan [www.FloridaHATS.org](http://www.FloridaHATS.org) oswa kontakte Janet Hess nan [jhess@health.usf.edu](mailto:jhess@health.usf.edu), (813) 259-8604